# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ТУРМЫС ЕРТЕКЛЕРИНИҢ СЮЖЕТ ҲӘМ МОТИВЛЕРИ

**Жақсымуратова М. Қ.**
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

Қарақалпақ халық ертеклериниң ишинде тематикалық жақтан ең байы-турмыс ертеклери болып табылады. Турмыс ертеклери әййемги дәўирлерден баслап бүгинги күнимизге шекемги халықтың турмысының ҳәр түрли тараўларын сәўлелендиреди. Оларда халықтың жәмийетлик өмири, турмыс-тиришилиги, дүньяға көз-карaслары,сана-сезимлери,әрман-мақсетлери сөз етиледи. Бул ертеклердиң ўақыялары реалистлик болмыстан алынады. Егер қыялый ямаса ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклерде фантастикалық ўақыялар көбирек суўретленетуғын болса,турмыс ертеклеринде бундай ўақыялар жүдә аз ушырасады.Бунда адамның қыялынан туўылған ҳәдийселерден гөре, өмирде болған ямаса болыўы тийис ўақыялар орыналады. Сондай-ақ, турмыс ертеклериниң қаҳарманлары жалғыз көзли дәў, мәстан кемпир, жети баслы айдарҳа, жезтырнақ т.б образларында болмай,тек ғана әпиўайы адам образында суўретленеди;

Турмыс ертеклериниң сюжети-ертектиң баслы қаҳарманы әпиўайы адамлардың өмирин,ис-ҳәрекетлерин,турмысын,жәмийеттеги орнын, социаллық көз-карасларын баянлаўға қурылады. Баслы қахарман өз мақсети жолында ушырасқан қыйыншылыкларды сабыр-тақат пенен жеңип өтип, мурат-мақсетине жетеди. Халықтың турмыс-тиришилигине,үрп-әдетлерине тиккелей байланыслы болған бул түрдеги ертеклер бир әсирдиң жемиси емес. Турмысқа байланыслы ертеклерде адам образлары жақсы исленген болып,оның композициясы шебер қурылады.Тағы бир кеўил аўдарарлық нәрсе бул,ертеклердиң басланыўы менен тамам болыўы, көпшилигинде турақлы,таяр үлгиде айтылады.Бул нәрсе ески қарақалпақ дәстанларының дәстүри болып есапланады.Ертеклер менен дәстанлар бир-бирине усындай тәреплери менен байланыслы,уқсап отырады.

Ертеклердиң басланыўы «бир бар екен,бир жоқ екен,кемпир менен ғарры болыпты. Бир кисиниң үш баласы болыпты…күнлерден бир күн»…мине усыға усаған басланыўлардан ибарат.Ал ертектиң ақыры «сол кеткеннен мол кетип..барып жетип…максет-мурадына жетипти. Ел абадан болып,қой үстинде боз торғай жумыртқалап,жесир қатын мың қой айдапты…оянып кетсем түсим екен…-деген турақлы таяр үлгилер менен тамамланып отырады [1.32].

Бул ертеклерде әййемги, феодаллық катнасықлар заманында ҳәм соңғы дәўирлерде дөретилгенлери де бар.Олардың ҳәммеси аўызша айтылып аўыздан-аўызға тарағанлықтан көплеген тарийхый ўакыяларды, ҳәр түрли уғымларды өзине жәмлестиргенлиги мәлим. Солай болсада, булл түрдеги ертеклер өзиниң халықшыллық сыпатын жойтпастан,оны ҳәр бир ҳәм жаңа басқышлардың әҳмийетине қарай өзгертип, жетилистирип, көркемлигин асырады ҳәм тәсир күшин күшейтип барады. Әлбетте,аўызеки әдебияттың басқа жанрлары сыяқлы турмыс ертеклери де идеялық жақтан биргеликли емес.Халықлық,мийнеткеш адамлардың турмысын сөз ететуғын ертеклер менен бир қатарда- халыққа жат,ерси сыпатларға ийе ертеклер де ушырасады. Биз булл мақаламызда қарақалпақ халык турмыс ертеклериниң бир неше мотивлери ҳәм сюжети ҳаққында пикир жүргиземиз.Бул ертеклердиң мотивлери төмендеги белгилери менен характерленеди:

-Социаллық теңсизлик. Бул ертеклерде қаҳарманлардың класслық қатламларға бөлиниўи,кәмбағал, жарлы адамлардың бай ҳәм ҳәмелдар адамларға қарағанда ҳакыйкатшыл,әдил болып келиўи;

- Жәмийетке жат ҳәм унамсыз ис- ҳәрекетлердиң әшкара болыўы;

Ашкөзлик, жалқаўлық,сықмарлық сыяқлы сыпатлардың қараланыўы;

-Ҳақыйқатлықтың мәңги жеңиске ерисиўи;

-Жумбақлардан тапқырлық пенен пайдаланыў ҳәм сөз ойыны.Турмыс ертеклерине киретуғын бир қанша ертеклердиң сюжети сораў-жуўап ҳәм бул сораўларға қалай жуўап тапқанлығы менен жуўмакланады[3.81]

Турмыслық ертеклерде социаллық теңсизлик сатиралық бағытта суўретленип, онда әпиўайы мийнеткеш халықтың ўәкиллериниң кәмбағаллығы ҳәм аўыр аўҳалы баян етиледи. Бунда бай персонажлардың, маселен,бай саўдагерлерди, моллалардың ашкөзлиги, зықналығы,акмақлығы ашып бериледи.Мәселен: «Байлардан ҳакысын алғанбала», «Жалғыз шопан ҳәм саўдагер»,«Билгиш шопан», «Өгиз баққан үш жигит» ертеклери жоқарыдағы пикиримизге дәлийл бола алады.

Бул топардағы ертеклерде фантастикалык сюжетлер ҳәм персонажлар сүўретленбейди,ал реал турмысқа жақын ўақыялар,шараятлар,халықтың турмыс-тиришилиги сүўретленеди.Турмыс ертеклериндеги ўақыялар қыялый ертеклердегидей жети қат жердиң астында ямаса жети қат аспаннын үстинде емес, ал реал турмыс ертеклерин фольклор илиминде реалистлик ертеклер деген термин менен де атайды.

Реалистлик ертеклер бул шәртли атама.Оған қарап бундай ертеклерге әдебияттағы реализм методының қатаң талапларын,қағыйдаларын қойыўға болмайды. Ертектиң аты ертек. Онда ушқыр қыял,гиперболалық сүўретлеўлер басым болыўы тийис. Басқаша жағдайда ертеклер ҳақыйқый жанрлық қәсийетин жоғалтады. Турмыс (реалистлик) ертеклерде ҳәзил-дәлкек(юмор),ашшы күлки, сықақ етиў (сатира) белгили орын ийелейди, қызықлы, күлкили ўақыялар,шараятлар сүўретленеди.Мысал ретинде «Еки дос», «Есим бойрашы», «Тоғыз тоңқылдақ бир шиңкилдек», «Ақыллы ғарры», «Отыншы бала», «Еки агайинли жигит», «Ақыллы ҳаял ҳәм ақмак патша», «Тазша», «Дийхан», «Алдар көсе», «Мухтар көсе ҳәм Духтар көсе»,ертеклерин келтирип өтиў мүмкин. «Еки дос» ертегинде қарапайым халықтан шыққан Ещан ҳәм Дощан деген дос жигитлердиң турмысы сүўретленеди. Олар әпиўайы дийхан жигитлер болса да,епшил,тапқыр болып шығады,дос,татыў болып жасайды. Дощан өзиниң тапқырлығы,искерлиги менен елди шабыўға келген душпанларды қорқытып изине

қайтарады,елди душпан шабыўылынан алып қалады. Бул хызмети ушын елдиң патшасы Дощан менен Ещанды сыйлап,оларды үйли-жайлы етеди,еки ўәзириниң қызларын некелеп берип,даңғаралы той береди. Дощан патшаның әскербасысы болып тайынланады. Еки дос бахытлы турмыс кеширеди.

Бул ертекте фантастикалык сүўретлеўлер көринбейди,онда турмыслық сүўретлеўлер басым. Турмыс ертеклериниң баслы идеясы қарапайым халықтын даналығын,тапқырлығын,епшиллигин улуғлаўдан ибарат. Оларда әдиллик, ҳадаллық, ар-намыс, ҳүждан мәселелери көтериледи, жақсы патша, берекетли ел, абадан турмыс ҳаққындағы халық әрманлары сәўлеленеди.[2.34-35]

Ертеклер әўладтан-әўладқа өтип, жаңа детальлар менен байытылған. Соның ушында көпшилик ертеклердиң бир неше вариантлары бар,бирақ тийкарғы сюжети ҳәм айтылатуғын пикири бирдей болады.Ертеклер халықтың кеўлин көтериў ҳәм танландырыў, сондай-ақ сабақ бериўге қаратылған. Ҳәр бир ертек моральлық сыпатларға ийе, усындай сюжетлер арқалы адамлар жақсылық ҳәм жаманлық, әдеп-икрамлылық нормалары,қәдирияtлар ҳаққында көз-карасларын билдирген.Турмыс ертеклериниң тийкарында типик емес жағдайға түсип,оннан шығып,ислеген иси ушын сыйлық ямаса жаза алған адамның тарийхы жатады.Турмыс ертеклеринде ирония, ҳәтте сатира бар. Олардың сюжети жақсы адамлар менен жаман адамларды қарама-қарсы қойыў тийкарында қурылады. Көпшилик ертеклерде кәмбағаллар, тапқырлар, жақсылар, байлар, сықмарлар, менмен адамлар менен салыстырылады. Гейде бас қаҳарманлардың душпанлары сатқын,опасыз,қызғаншақ дослар ямаса туўысқанлар болып келеди.

Турмыс ертеклери өзиниң мазмуны ҳәм темасы бойынша ҳәр қыйлы болып, жумбақлар,шешими қыйын сораўлар ҳәм илгир зейинлилик пенен таўылған жуўаплардан шебер пайдаланыў менен характерленеди,мийримсизик ҳәм ақмақ ҳукимдарлар ҳаққындағы сюжетлер,дамегөйлик ҳәмсықмарлықты әшкаралаў биринши орында турады. Турмыслық ертеклердиң келип шығыўы,олардың тематикасы сыяқлы ҳәр түрли характерге ийе. Жөнсиз перзентлер,қарақшылар ҳәм урылар ҳаққындағы сюжетлердиң дереги күнделикли турмыс пенен тығыз байланыслы. Ертеклердиң булл жанры озиниң сюжетлик қурылысы,образлар шеңберине,өзине тән көркем тәсир усылларына ийе,қыялый ертеклерден парықлы түрде олардың қаҳарманлары реал дүньяда жасайды, мақсетлерине ақыл ҳәм сабырлылық пенен ериседи.Бул қахарманлар образы тийкарында халық өз арзыў-әрманларын әмелге асырады.Турмыс ертеклеринде ҳақыйқый турмыслық хақыйқатлық айқын көринип турады.Сораў жуўаплар негизинде дөрелген ертеклер өзине тән өзгешелиги менен фантастикалық ертеклерге жақын.

Сыйқырлы ертеклерде баслы қаҳарман көплеген сынақлардан өтип,шийеленискен ўақыялардың шешимин табыў арқалы өзлериниң бахытын табады[3.83 б]. Бундай типтеги турмыслық ертеклерде болса қарсыласына шешилиўи қыйын сораў-жуўапларға дурыс жуўап тапқан адам жеңимпаз болады.Мәселен: «Қырык аўыз өтирик айткан шопан», «Ҳийле менен өлимнен қутылған ғарры», «Орынлы жуўап» «Байлардан ҳақысын алған бала», «Қара атлы бала» турмыслық ертеклеринде биз жоқарыда айтып өткен мотивлер айкын көринисин тапқан. «Қырық аўыз өтирик айткан шопан» ертегин алып қарайық.Бир патша қырық аўыз өтирик айтқан адамға кызымды беремен депти.Сонда елден 40 өтирик айткандай адам табылмапты.Бир күни бир шопан келип «менайтаман» депти.

-Тақсыр, бир қоян урып алып едим,ишинен бир ярым батпан май шықты.Етигиме жағып едим,биреўине жетипеди,биреўине жетпей қалды.Соннан етигимди дастанып жатып қалдым.Түнде қарасам еки етигим төбелесип атыр екен.Май жақпаған етигимди еки урдым,май жаққан етигимди бир урдым.Азанда турсам май жақпаған етигим қашып кетипти.Бир етигимди бир аяғыма суғып жүр едим,жүре алмадым, еки аяғымды бир етикке суғып едим, ана таўдан бир басып,мына таўдан бир басып бир садақаның үстинен шықтым. Қарасам усы садақада тақетигим табақ тасып жүр екен.Бир байталым бар еди,сол байталым пошалап кеткен екен. Бийик таўдың басына шығып қарасам көринбейди.Сөйтип турғанда,көзи жоқ ийне таўып алып,бир аўлақ жерге шаншып,үстине минип қарап турсам,байталым жети қырдың аржағында жайылып жүр екен. Жақынлап барсам бир дәрья шықты,қынымды минип,пышағымды есип баратыр едим батып кеттим.Пышағыма минип, қынымды ескек етип өттим де кеттим. Суўғарайын десем суў қатып қалыпты,тептим-тептим ойылмады.Соннан кейин басымды суўырып алып,кегирдегимнен услап музды урып едим,көлдиң музы ойылды.Сонда хан «көл дегениң кишкене көлшик шығар»-депти. «Көлшик болса көлшик шығар,тақсыр, бир жағынан ушқан қара қус аржағына қанаты талып зорға жететуғын еди»-дейди. «Қара қус дегениң жапалақ шығар»-депти хан. «Жапалақ болса жапалак шығар,тақсыр,бир үйге қанаты үзик болатуғын еди» депти шопан. «Үй дегениң жаппа шығар»-депти хан. «Жаппа болса жаппа шығар,есигинен мөңиреген буғаның даўысы төрине тал-тал баратуғын еди»-деди шопан.Соннан кейин сөзден жеңилген хан қызын бериўге мәжбүр болыпты[4.267 б].

Көрип өткенимиздей, сораў ҳәм жуўаплар көбирек қаҳарманның ақылы,зийреклигин тексериўге қаратылған.Бул сөз ойынында жеңимпаз да жеңилиўши тәреп те өзиниң ақыл-парасатын көрсетеди,сол тийкарда той ҳаққында қарар қабыл етиледи.

Бул мотив бизиң халқымыздың дәстанларында кеңнен таралған.Бундай өзине тән өзгешелик «Қорқыт ата китабы» нан Бамсы Бейрек ҳаққындағы бөлиминде де айқын көринеди.Бейрек өзиниң қалыңлығы Баныўшешектиң шатыры тигилген жасыл майданға келеди. Қыз жигит танып қоймаўы ушын бетин басып шығады.Оның не мақсетте келгенлигин сорап,оқ жайдан оқ атыў ҳәм гүреске түсип жарысыўды усынады.Бул дәстүр қарақалпақ халық дәстанларында көбирек ушырасыўы менен бирге,булл жарыслар әййемги дәўирлерде жигиттиң дәслеп физикалық күшин сынап көриў,әсте-ақырын жигиттиң парасатын,тапқырлығын сынаўға

қаратылады.Турмыслық ертеклерге киретуғын «Талас» ертегиниң де сюжети тартыслы мәселеге қурылған. Ағаш устасы,зергер,молла үшеўи узақ сапарға шығыпты.Елсиз,жолсыз жерлерди басып,неше күнлер жүреди. Күнде кеште биреўи от жағып қараўыллап отырып, қалған екеўи уйықлайды екен. Өз гезеги келген күни ағаш устасы иси еригип отырып,ағаштан биркуўыршақ жоныпты.Азанда оянып молла менен зергер ҳайран қалып,қуўыршақты алып жолға түсипти.Ертеңине кеште зергердиң қараўыллық гезеги келип оттың жақтысында қуўыршақты тегислеп жонып,үстине түрли ҳасыл кийимлерди кийиндирип,қуўыршақты бир сулыў қыз сыпатына келтиреди. Азанда оянып молла менен ағаш устасы буған ҳайран қалысыпты.Булар қуўыршақты алып тағыда жолға раўана болады.Ертеңине кеште молланың гезеги келипти.Молла түни менен таң атканша қудайталаға жалбарып куўыршаққа жанбериўди сорапты.Азанда үш жолаўшының алдында «бир гөззал» хызмет қылыпты.Енди булл ғайбана «сулыў»ға үшеўиниң де кеўли кетип,аңсары аўып алды менен ағаш устасы сөзбаслап:

-Бул қыз мен ағаштан жасап шығармағанда кимниң ойында бар еди. Сизлер соғыў түўе есинизге де алмас единиз,соның ушын бул қызға мен үйлениўим керек депти. Бул сөзге зергер шоршып түсип:-Ҳаў,бул калай,егер мен буны жақсылап жонып,безендирмегенимде жан тилемеген болар едиңиз депти. Сонда молла ойланып:-Ҳаў шырағымаў,сизлердикине? Егерде мен жан сорамағанымда бул бир жақсы қуўыршақ болып қалаберер еди депти. Қуўыршаққа мен жан бердим,қыз маған тийисли депти.Мине усылайынша тап сол жерде, еле оттың басында ағаш устасы,зергер ҳәм молла еле таласып отыр дейди[4.132 б].

Улыўма алғанда, турмыслық ертеклердеги конфликт күнделикли турмыста жүз береди.Турмыс ертеклеринде сюжеттиң тийкарын турмыслық мотивлер қурайды.Бул өзгешелик турмыс ертеклери жанрындағы барлық түрлерин өзиниң ишине алады.Усылайынша,ертек жанрының улыўма белгилери турмыслық сюжетлерде,олардың жаратылыў принциплерине байланыслы мазмун ҳәм форма өзгешеликлеринде өзине тән характерде суўретленеди.

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Қаллы Айымбетов. Халық даналығы. −Нөкис «Қарақалпақстан».1988
2. Қ.Қ.Жәримбетов., Қ.Қ.Оразымбетов. Қарақалпақ әдебияты.(кәсип-өнер колледжлери оқыўшылары ушын сабақлық). −Нөкис «Билим» баспасы 2006.
3. Аскерова Н.И. Сюжетная линия бытовых сказок/ Н.И.Аскерова- Текст:непосредственный// Современная филология:материалы VМеждунар. Науч,конф.(г.Самара,март 2017г)- Самара ООО «Издательство» АСГАРА,2017-С1-4 URL.
4. Қарақалпақ фольклоры.(Көптомлық) I том.Қарақалпақхалықертеклери. «Қарақалпақстан» баспасы,1977. −Нөкис.


**Аннотация.** Мақала қарақалпақ турмыс ертеклериниң сюжетлик қурылысы ҳәм мотивлерине арналған. Биз бул мақаламызда турмыс ертеклеринин өзине тән айырым характерли белгилери ҳаққында азы- кем пикиримизди айтып өттик.

**Таяныш сөзлер:** мотив, сюжет, турмыс ертеклери, фольклор, жанр.

**Аннотация:** Статья посвящена сюжетному построению и мотивам каракалпакских бытовых сказок. В этой статье мы кратко обсудили характерные черты о бытовых сказок.

**Ключевые слова:** мотивы, сюжет, бытовые сказки, фольклор,жанры

**Abstract.**The article is dedicated to the plot structure and motifs of Karakalpak folktales .In this article,we briefly discussed the unique characteristics of fairy tales about life.

**Key words:** plot, fairy tale, janr, motif.

---